



**Kominike Vityèlman ak yon Pwomotè:  
Reyabilitasyon ak Evalyasyon Anviwònmanal P3  
8 fevriye 2021**


## Anrejistreman

Sou demann manm kominotè yo, yap anrejistre reyinyon sa a epi yap afiche li nan paj entènèt Plan Prensipal Estratejik Roxbury nan [bit.ly/PlanNubian](https://bit.ly/PlanNubian) pou moun ki pa ka patisipe nan reyinyon Zoom andirèk (live).


Epitou, gen posibilite pou patisipan yo anrejistre reyinyon an ak kamera telefòn yo oswa ak lòt aparèy. Si w pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri etenn mikwofòn ou ak kamera w.

Si kamera w ak mikwofòn ou etenn, ou ka patisipe kanmenm atravè opsyon tèks tchat la.

# Entèpretasyon ak Tradiksyon




“Spanish” pou panyòl  
“Haitian Creole” pou kreyòl ayisyen  
“English” pou angle




## Gid pou itilize Zoom

Byenvini! Men kèk konsèy pou moun kap itilize Zoom pou premye fwa yo.


Kòmmand ou yo parèt sou pati anba ekran an




Nenpòt lè w gen yon kòmantè oswa yon kesyon, itilize tchat la pou tape li – Se manm BPDA yo ki pral modere tchat la



Pou ka leve men w, annik klike sou "Participants (Patisipan)" ki anba ekran w la, epi chwazi opsyon "Raise Hand (Leve Men w)" nan kaz patisipan an, oswa prese \*9 sou telefòn ou an



Mete sou Silans (mute)/Wete sou silans (unmute) – Pandan prezantasyon an ap fèt, yo pral mete patisipan yo sou silans – si w leve men w epi se tou pa w pou pale, moderatè a va wete w sou silans pandan diskisyon an ap fèt. Pou mete oswa wete telefòn ou silans, annik peze \*6.



Aktive/dezaktive fonskyon videyo a

## Etik Zoom


Nou vle asire konvèsasyon sa a se yon konvèsasyon ki enteresan pou tout patisipan yo.

- Tanpri, mete telefòn/aparèy ou a sou silans jiskaske yo rele w. Si w ta renmen pale nan moman sa a, tanpri itilize fonksyon "Raise Hand (Leve Men)" ki nan Zoom nan, konsa yon moderatè BPDA ka retire patisipan yo sou mòd silans.
- Tanpri, respekte tan yo bay chak moun pou pale.
- Nap mande tout patisipan pou limite kesyon yo pou pèmèt lòt moun patisipe nan diskisyon an. Si w gen plis kesyon, tanpri tann jiskaske tout lòt patisipan yo jwenn opòtinote pou yo poze kesyon.
- Si nan reyinyon sa a nou pa gen tan rive sou kesyon w lan, tanpri ekri kesyon w yo nan "Chat" la nan fen reyinyon an oswa voye yo pa imèl bay [Kelly.sherman@boston.gov](mailto:Kelly.sherman@boston.gov)

## Kontèks

Te gen plizyè biznis endistriyèl, komèsyal ak biznis faktori ki te anndan P3 depi fen ane 1880 yo jiska ane 1960 yo

- Pami pwodui kap kontamine yo gen metal, tankou plon, ansanm ak lòt pwodui ki kontamine ki derive de petwòl ke yo te itilize (idwokabòn awomatik polisiklik)



## Investigasyon

- 2002 - Premye investigasyon an te revele ki kalite pwodui ki kontamine teren an ak dlo ki anba teren an, epi alèkile nou te evalye opsyon netwayaj yo men nou pat bay sa suit



## Investigasyon

- 2016-2017 - Dènye investigasyon nou an te revele ke gen seksyon ki kontamine anpil atravè sit la
  - Nou te jwenn plis plon, nou te jwenn kontaminasyon ki gen rapò ak petwòl, epi nou te dekouvri dlo ki anba teren an kontamine ak klò





## Ki kote nou ye kounyeya?

- 2021 - Nou kreye yon nouvo rapò ki dokimante tout travay ki te fèt anvan epi nou dekri pwoblèm ki gen nan tout sit la ak opsyon pou n fè newtwaye li
  - Objektif la pa chanje, se toujou pou n wete pati ki kontamine yo epi debleye bit tè ki akimile yo
- Yo te remèt BPDA \$25,000 pou dekontaminasyon an
  - Li kont pou kouvri depans teren yo planifye netwaye a, men li pa ase pou l kouvri depans dekontaminasyon tout sit P3 a
- Yo antisipe teren yo planifye netwaye a se yon travay ki pral mande pou yo wete apeprè 450 yad kibik tè ki kontamine, epi se yon travay kap pran apeprè 2 semèn sou chantye a, pou fouye epi pou kamyon wete l.
  - Pandan pwosedi sa a, yo pral itilize teknik pou siveye ak kontwole pousyè a

## Nap Pwogrese

- Planifye netwayaj la se yon bon fason pou n kòmanse, men BPDA te pran angajman pou l netwaye tout sit P3 a, e yo estime sa pral koute anviwon \$1.3 milyon
  - Gen posibilite pou Vil la finanse l
  - Gen posibilite pou sa fèt pi rapidman si se pwogram devlopman sit la ki finanse l
- BPDA pral òganize yon seri seminè sou P3 kap defini RFP evantyèl li. Dat pwochen seminè a se **22 fevriye 2021** epi diskisyon yo pral fèt sou kondisyon sit la ak egzèsis sou vizyon.
- Yon fwa RFP a pibliye, BPDA pral aksepte aplikasyon pou pwomotè yo epi manm kominote yo pral deside kilès nan yo yap nonmen



**Kesyon?**

## Sous

- PLAN BPDA: Nubian Square : Sitwèb Pasèl P-3:
  - <http://www.bostonplans.org/planning/planning-initiatives/plan-nubian-square-parcel-p3>
- Sitwèb MassDEP
  - <https://eeaonline.eea.state.ma.us/EEA/fileviewer/Rtn.aspx?rtn=3-0015009>